




Chidzidzo 11  
cha Chikumi  
13, 2026

# ZVIPINGAIDZO



"Zisati ziri izo bedzi, asi ngatifare vo  
mumadambudziko, ticiziva kuti kutambudzika  
kunovuyisa kutsungirira; kutsungirira  
kunovuyisa kuidzwa; kuidzwa kunovuyisa  
tariro; tariro hainyadzisi; nokuti rudo  
rwaMnjari rwakadirwa mumoyo yedu noMneya  
Mutšene watakapiwa"  
(VaRoma 5:3-5)




Tiri kurarama munyika yakazara nechivi uye kutambura. Tose tinombosangana nematambudziko anogona kutiita kuti tisava nechokwadi nezverudo rwaMwari.

Tinozvitambira sei zvipingaidzo izvi?

Tichadzidza kuti vamwe vanhu vemuBhaibheri vakaita sei mumamiriro ezvinhu akaipa akasiyana-siyana, uye kuti muenzaniso wavo ungatibatsira sei kutarisana nematambudziko akafanana neiwawo.

Madutu  
ehupenyu



Zvirwere




Njodzi



Kuodzwa mwoyo



Ona Jesu



# MADUTU EHUPENYU

**"Zino dutu guru remhepo rakamuka, mafungu emvura akarova mugwa, rikanga rodo-kuzara" (Marko 4:37)**

Kuyambuka Gungwa reGarireya pakati pohusiku, kunyange pakati pedutu, kwakanga kusiri chinhu chitsva kuna Petro, Andreyo, Jakobho naJohani, varedzi vehove vane unyanzvi..

Zvisinei, dutu racho rakavakurira. Mhepo yakavhuvhuta mafungu, mvura ikafashamira igwa uye ichiisa hupenyu hwavo mungozi. Vakabva vati... Jesu aripi? Akarara here? Sei asiri kutibatsira? Haana basa nezvinoitika kwatiri? (Marko 4:35-38).

Muhupenyu hwedu tinosangana nemadutu. Tinokumbira kubatsirwa naJesu, asi zvinoita sokuti akarara. Hatinzwi huvepo hwaKe. Asi Aripo.

Mirira nguva yekutsiura dutu redu: "Rugare, nyarara" (Marko 4:39). Iye ane hanya nesu ( 1 Petro 5:7 ). Anogona kunyaradza madutu edu. Usakanganwa kumurumbidza paAnoanyaradza(Marko 4:40-41).



# ZVIRWERE

**“Nokuti wakati, 'Kana ndikabata nguvo yake bedzi, ndicaponeswa' ”**  
(Marko 5:28)

**Kutambura nekubuda ropa kwemakore gumi nemaviri pasina kuwana chiremba angamuporesa kwakasiya mukadzi ari murombo uye asina tariro (Marko 5: 25-26). Nhasi, kune dzinyika umo kusina kurapwa kwemahara, uye nyaya iyi inogona kunge ichiri yechokwadi.**



**Chero zvazvingava, tose tinogona kutarisana nechirwere chinotisunga mbiradzakondo uye chinotitsimbirira, pasina kuwana zororo.**

**Mukadzi akaona muna Jesu mhinduro yacho, uye kutenda kwake kwakamuponesa (Marko 5:27-29).**

**Tinofanira kuvimba kuti Jesu anogona kushandisa vanachiremba vane unyanzvi kutirapa, kana kuita chishamiso matiri.**



**Chero zvazvingava, Jesu anotikoka kuti tisiye mitoro yedu yese nezvinonetsa paari (Mt. 11:28-30).**



# NJODZI

*"Kunyange ganda rangu ricinge raparadzwa saizozo,  
Kunyange zakadaro ndicavona Mhari ndisinenyama yangu."* (Jobo 19:26)

Hondo, chisimba, uye njodzi dzinongoitika dzoga zvakashandura hupenyu hwaJobho zvikuru ( Jobo 1:13-19 ). Tose tinowirwa nenjodzi, dzingava dzomusikirwo kana kuti dzinokonzera nohuipi huri munyika ino.

Tichaita sei? Jobo akaita sei?



**Haana kupa Mwari mhosva  
kana kumuramba**

**Akanamatira kwaAri  
nesimba rake rose**

**Aivimba kunyange  
munguva dzizere rima guru**

**Akaisa pfungwa dzake pane  
ramangwana rine mbiri (Jobo  
19:25-27)**



Kana tikasaora mwoyo, tichaona kuti kunyange mumiedzo yedu yakaoma zvikuru, Mwari anogara aripo. Anotida uye anotisimbisa kuti tiwane simba kubva mukusava nesimba, ushingi kubva mukuora mwoyo, uye tariro kubva munjodzi (Joere 3:10; VaRoma. 5:3-5).

Kana uri kutarisana nenguva dzakaoma, rangarira pamusoro peidi rokuti rudo rwaMwari nehanya newe ndicho chinhu chakachengeteka uye chakatsiga zvikuru muhupenyu hwako.

# KUODZWA MWOYO



**“Takanga ticiti ndiye waizodzikinura vaIsraeri...” (Ruka 24:21a)**



**Maonero: Jesu ndiye Mesiasi achadzikinura Isiraeri. Chokwadi ndechokuti: Afa (Rk 24:18-21).**

**Kuodzwa mwoyo kwavo kwakanga kuri kukuru kwazvo zvokuti hakuna kuvabvumira kubvuma kunyange humbowo hwakajeka hwokumuka kwaJesu(Rk 24:22-24).**

**Nemwoyo murefu, Jesu akavabatsira kuti vavezve netariro. Pakupedzisira, “Ipapo meso avo akaşinudzwa” ( Ruka 24:31 ) , uye vakamhanya kundokurudzira avo vakanga vachiri vakaodzwa mwoyo ( Ruka 24:32–35; 2 VaKorinte 1:4 ). Tingadzidzei pane zvakaitika kwavari?**



**Hatifaniri kurega kusava nechokwadi kuchidzika midzi mupfungwa dzedu**

**Jesu anofamba padivi pedu kunyangwe mukuodzwa mwoyo kwedu**

**Achagadzirisa zvinotinetsa kana tikamubvumira**

**Jesu anoziva zviri nani kupfuura zvatinoita izvo chokwadi chedu chiri**

# ONA JESU

**“Nokuti ndinoti madambudziko enguva ino haana-kufanira kuenzaniswa nokubginya kucazoratidzwa kwatiri.” (VaRoma 8:18)**

**Apo Ellen G. White akanga ari mukupererwa nezano rose, akava nechiono umo akaona Jesu.**

**Ainzwisisa kuti Ainzwisisa zvese zvaaisangana nazvo. Pane imwe nguva, akaisa ruoko rwake pamusoro wake, Jesu akati kwaari: “Usatya.”**

**Akaona zviono zvinobwinya, uye zvaiita sekuti akanga awana chengeteko nerunyararo rwekudenga.**

**Hope idzi dzakamupa tariro nokutenda, uye chokwadi chokuti aigona kuvimba naMwari.**



"Tinoziva kuti zingu zose zinatirana kuti zitire zakanaka avo vanoda Mhari, avo vakadanwa sezaakafunga." (VaRoma 8:28)

"Musafunganya pamsoro pecinhu cimne; asi pazinhu zose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mhari nokunyengerera nokukumbira, pamne cete nokuvonga. Zino rugare rwaMhari runopfuvura kunzwisisa kwose, rucarinda mjoyo yenyu nemifungo yenyu munaKristu Jesu." (VaFiripi 4:6-7)

"Hama dzangu, muti mufaro bedzi kana muciwira mumiidzo mizhinji; muciziva kuti kuidzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Asi kutsungirira ngakuve nebasa rakakwaniswa, kuti mukwane, mururame kwazo, musingashaiwi cinhu. [...]  
Wakaropafadzwa munhu uyo unotsunga mjoyo pakuidzwa; nokuti kana atendwa, ucapiwa korona yovupenyu yakapikirwa avo vanomuda."  
(Jakobho 1:2-4, 12)



"Iye akati kwandiri, "Nyasha dzangu dzinokuringana; nokuti simba rangu rinozadziswa pavutera bgako." Naizozo zirinani kuti ndizirumbidze nomufaro mukuru novutera bgangu, kuti simba raKristu rigare pamsoro pangu." (2 VaKorinte 12:9)

**“Mune zvinosanga navose, munouya nguva dzekuodzwa mwoyo kukuru—mazuva apo kusuwa kuri mugove, uye zvakaoma kutenda kuti Mwari achiri mubatsiri ane mutsa wevana Vake vakaberekwa pasi; mazuva apo matambudziko anotambudza mweya, kusvikira rufu rwaita serwakanaka pane hupenyu. Ipapo ndipo apo vazhinji vanorasikirwa nekubata kwavo pana Mwari uye vanopinzwa muhuranda hwekupokana, hunhapwa hwekusatenda. Tingagona here panguva dzakadai kunzwisisa nenzwisiso yemweya zvinoreva kurongeka kwaMwari, tinofanira kuona ngirozi dzichitsvaka kutiponesa kubva kwatiri, dzichivavarira kusima tsoka dzedu panheyo dzakasimba kupfuura zvikomo zvinogara nokusingaperi, uye kutenda kutsva, hupenyu hutsva, zvaizobuda.” -Non-Official translation by Gift**

**Mawoyo**

**EGW (Prophets and Kings, pg. 163)**